ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№58 (24.184) ● 2021 гъэм накъыгъэм (майм) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Егъэджэныгъэм и IуэхущIапIэхэр терроризмэм зэрыщахъумэр егъэфIэкIуэн

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ Налшык къалэм щригъэкIуэкIащ Террорым пэщIэтынымкIэ комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабымрэ я зэлушIэ. Ар теухуауэ щытащ егъэджэныгъэм и Iуэхущ1апIэхэр терроризмэм зэрыщахъумэр егъэфIэкIуэным, щIалэгъуалэм залымыгъэ Iуэхуэр щалэжь къэмыгъэхъуным.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым КЪБР-м къеГэщIыIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, хабзэхъумэ органхэмрэ Iэнатlэхэмрэ я унафэщIхэр, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэр къыщыдзэIуихым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, Терроризм пэщIэтыныIэ лъэпкъ комитетым, иджыблагъэ Тэтэрстаным щыIа гузэвэгъуэр къиIыхьауэ, терроризмэм и щIэпхъаджагъэхэр, абыхэм зи акъылыр зэтекIа, унагъуэхэм, ныбжьэгъу гупхэм яхэмызагъэ щIалэгъуалэр зыпыщIахэри яхэту, къэмыгъэхъуным йолажь. КIуэкIуэ Казбек утыку кърилъхьащ егъэджэныгъэм и Iуэхущ1апIэхэм терроризмэм и шынагъуэ къатемыгъэхьным хэуэнэтIауэ Терроризм пэщIэтыныIамкIэ лъэпкъ комитетым иубзыхуа ведомство зэхуаку Iуэхуэхэр. Апхуэдэу зэIущIэм щыхэплъащ щIалэгъуалэм залымыгъэхэр щалэжь къэмыгъэхъуным, еджапIэхэм щыIэ психологхэр нэхъыбэ щIыным, еджапIэхэр зэрахъумэр егъэфIэкIуэным.

Докладхэр ящIащ УФ-м Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэм и унафэщI Васильев Сергей, КЪБР-м щIыхуэхр егъэджэныIамкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ и министр Езауэ Анзор, къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КЪБР-м щыIэ Павлов Василий сымэ.

ЗэIущIэм къыщаIэтахэм ялъэ иткIэ зыхуэфащэ унафэхэр къащтащ, егъэджэныгъэмкIэ министрым и пащ иралъхьащ республикэм и еджапIэхэр терроризмэм и шынагъуэм щыхъумэныIамкIэ зэфIагъэкIэхэм езыр и щхьэкIэ кIэлъыплъыну.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ хуэзащ «Россети-Кавказ Ищхъэрэ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Левченкэ Роман

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ Налшык щыхуэзащ «Россети-Кавказ Ищхъэрэ» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Левченкэ Роман.

ХЬЭЩIЭМ щепсалъэм КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ: «Россети» компанием дыззрыпыщIам ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ди зэдзэлажьэныгъэм и лъабжьэр республикэм исхэр зэблэу къыхэмыкIыу электрокъарукIэ къызэгъэпэщныкIыр икIи абы сэбэныпагъэшхуэ иIэщ, а лэжьыгъэм адэкIи зедгъэубгъуну ди мурадщ. Мы Iэнатlэм ехьэлIа инвестицэ проектхэр дгъэзэщIэну дэ дыхьэзырщ».

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ электрокъарукIэ республикэр къызэрызэрагъэпэщым зэблэу къыхэмыкIыныр. Абы папщIэ зыхуэфащэ унэхъыгъэхэмрэ энергиер зрикIуэ линэхэмрэ зэгъэпэщыжным нэгъабэ нэхъыбэ процент 28-кIэ нэхъыбэ, псори зэхэту сом мелуан 265-м щIигъу мы гъэм къыхуэутIыпщащ. Лэжьыгъэ псори зэдзэуэу йокIуэкI: электрокъарур зрикIуэ линэхэм ящыщу километр 11-м щIигъу, трансформатору 10, трансформатор подстанц 20 зэгъэпэщыжным яухащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм электрокъарум и уасэмкIэ щIыхуэшхуэ зытрагъахуэркъым»,- къигъэлъэгъащ Левченкэ Роман икIи абы папщIэ щIыналъэм и Iэтащхьэм фIыщIэ къыхуищIащ. Псалъэмакъым апхуэдэу къыхэщащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхущ1апIэхэм электрокъарумкIэ ятелъ щIыхуэр пшыныжынымкIэ зэкIыпIэхэр.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

ГТО-м къуажэдэсхэр зыубгъууэ къыхашэ

Бахъсэн районым щыщ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм и пщIантIэм къыщыдзэрагъэпэщащ «Лэжьыгъэми зыхъумэжьныгъэми хуэхъэзырщ» урысейпсо спорт комплексым и мардэхэр егъэтыным хуэщIа гъуэ.

ГТО-м и мардэхэр тынымкIэ районым къыщыдзэIуаха мы ятIэ центрыр зыхуеину тренажёрхэмкIэ, адрей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщащ. Псом ятIэ а Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу щIадзащ мы школым щIэс цIыкIухэм.

«Лэжьыгъэми зыхъумэжьныгъэми хуэхъэзырщ» комплексым спортым и лIэужьыгъуэхэу 13 хеубыдэ. Абыхэм ящыщщ къэжьыхьныр, нэщанэ еуэныр, псым есыныр, нэгъуэщIхэри. Проектым трагъэкIуэда ахъшэр зыкъэзрагъэпэщащ физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьынымкIэ федеральнэ программэм и хьэкъкIэ.

Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Иужьрей уэзджынэ

ФIэхъус, балигъ гъащIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 11-нэ классыр къыщыдзыуха ныбжьыщIэ мини 4-м щIигъум я иужьрей уэзджынэр накъыгъэм и 22-м кърагъэуащ. А Iуэхур Iэтауэ зыгъэлъэпIахэм ящыщщ Налшык къалэм дэт курыт школ №33-р.

КЪЫЗЭIУАХАГЪАЩIЭ курыт еджапIэм (2020 гъэм и фокIадэм) иужьрей уэзджынэр иджы ятIэ къыщыдзыууэу араш. Абы къыщIигъэкIащ класси 3 - псори зэхэту щIалэгъуалэ 68-рэ щеджэу.

Iуэхум зыкъыригъэхьэлIат КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1м и ятIэ кIуэдзэ **Къунижь МуIэед**, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Атмурзаевэ Земфирэ**, нэгъуэщIхэми.

Школыр къэзыуххэр гъуэгу дахэ теувэну ехъуэхъуащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ыр:

- Нобэ иужьрей уэзджынэр къыфхуеуэнущ. Зы лъэныкъуэкIи ар уэзрыгушхуэн Iэхущ, дяпэкIэ балигъ гъащIэм фыхохьэри. НэгъуэщIу уегупсысмэ, а махуэм нэщхъеи уещI, илъэс 11-кIэ узыщIэса школыр къэбгъэнэн хуейщи. Мы махуэшхуэр дэтхэнэ еджакIуэми, абы и адэ-анэми, егъэджакIуэми я гум кьонэ. Курыт еджапIэ №33-м дежкIэ нобэрей махуэр псом нэхърэ нэхъыщхьэщ - ятIэ ныбжьыщIэхэр щIегъэкI. Фи гъащIэм мыхьэнэшхуэ щыхьИэну зы Iыхьэр нобэ къызэнэкIыу жыпIэ хъунущ, ауэ школым щыIгъэкIуа илъэсхэр щIэх-щIэхыурэ фи гуапэу фи гъэзэжьыжьынущ. ИпэкIэ уплъэмэ, гъэунэхуныгъэ кудэ къыкIэрпэщылъщ, псом ятIэ жэуапIныгъэ ин зыпылъ экзаменхэрщ. Си фIэщ махуэ абыхэм дэтхэнэри фыпхыкIыфыну. Иужьрей уэзджынэр иджыри нэгъуэщI зым и нэщэнэщ - ар фи къэкIуэнур щыIубзыху пIалъэр къызэрысам и щыхьэту араш. Сыт хуэдэ ар хъунуми зэлъытар фэращ. Нэхъыщхьэ дыдэр - фи гъэзгу, насып къэвгъуэтыжьынырщ, фызыщIэхъуэпсхэр зэвгъэхуэлIэнырщ. Зэи фымыдзыхэ, фыкъимыкIуэт. Сыныбохъуэхъу фызагапIэхэм фыльэIэсыну, фи цIэ-унэцIэхэр щIэныгъэ щызэвгъэгъуэта курыт школым и тхьдэм къыхэнэну.

Егоровэ Татьянэ фIыщIэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ школакIуэхэм я егъэджакIуэхэми, я адэ-анэхэми.

- Балигъ гъащIэм фыхыхьэным зымащIэщ иIэжыр. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къывэхъулIэну си гуапэщ, абы игъэбелджылынущ здэвнэтIыну гъуэгуанэр. Фи хъуэпсапIэхэр Тхьэм къывигъэхъулIэ! - жиIащ Къунижь МуIэед.

НыбжьыщIэхэм захуигъэзащ курыт школым и унафэщI Бланыжь Казбеки:

- Нобэ зэрыжаIащи, иужьрей уэзджынэр къыщеуэ махуэм сабиигъуэр къызывонэкIри, зэрыхабзэу, балигъ гъащIэм фыхыхьэу араш. Сэри сынывохъуэхъу экзаменхэр къывэхъулIэну, адэ-анэхэр къызэрыфщыгугъ псомкIи арэзы фщIыну. Курыт школым фи къэухым зыщIиужьауэ, ныбжьэгъу пэжхэр щызэвгъэгъэтауэ къыщIэкIыну ди гуапэщ.

Махуэшхуэм утыкур ягъэбжьыфIащ школым и езанэ классым щIэтIысхьэну цIыкIухэм. ЕджапIэр къэзыуухэм гулъытэу ягъуэтамрэ щIэныгъэу къратамкIэ зэрыарэзыр къыхэщу, фIыщIэ хуащIащ егъэджакIуэхэми школ унафэщIми.

НыбжьыщIэхэм вальсыр ягъэзэщIа нэужь, иужьрей уэзджынэр игъэзуну хуагъэфэщащ 11-нэ классыр къэзыух Дидан Аслъэнрэ езанэ классым щIэтIысхьэну Нэхущ Салинэрэ.

ГуфIэгъуэ Iуэкlугъуэхэр зэфIэкIа нэужь, хьэщIэхэм курыт школым зыщрагъэплъыхьащ, еджакIуэхэм зыщагъасэ пэщэхэр, я шхапIэр, псыгуэныр зыхуэдэм зыщагъэгъуэзащ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

НОБЭ

♦**Химикым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей хьэрычэтыщIэм и махуэщ**

♦**Тырку мэным щагъэлъапIэ я алэрыбгъум и махуэр**

♦**Куржым и лъэпкъ махуэшхуэ нэхъыщхьщ - Щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Польшэм щагъэлъапIэ Анэм и махуэр**

♦**Украинэм и кьалащхьэ Киев и махуэщ**

♦**1896 гъэм** Урысейм и пащтыхь тажыр щхьэратIэгъащ Николай ЕтIуанэм - иужьрей урысей императоры.

♦**1918 гъэм** Кавказ ЩIыб Федерацэр зэхэкIащ Куржы, Армение, Азербайджан республикэ щхьэхуитхэу.

♦**1928 гъэм** ФИФА-м и зэIущIэм унафэ кьыщащтащ илъэсиплI къэс зэ футболымкIэ дунейпсо зэпеуэ егъэкIуэкIыным теухуауэ.

♦**1938 гъэм** ягъэтIылъащ автомобиль зыщI «Фольксваген» концерн цIэрыIуэм и лъабжьэр.

♦**1942 гъэм** Iэ гъэм градзащ совет-инджылыз дзэ зэгурыIуэныгъэм.

♦**1945 гъэм** СССР-м унафэ кьыщащтащ и промышленностыр мамыр псэуакIэм зэрыпраухуэжьну щIыкIэр щыубзыхуауэ.

♦**1947 гъэм** цIыхум и хьэкумыр къэралым укIкIэ щащIэну зэрыхуимытым теухуа унафэ СССР-м къыщащтащ. 1950 гъэм а унафэр якъутэжауэ щытащ.

♦**1991 гъэм** Гамсахурдие Звиад Куржы Республикэм и ятIэ президенту хахащ.

♦**1995 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер (КъБКъМА-р) къызэIуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетщ.

♦Археолог, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Лениным и щIэр зезыхьэу щыта саугъэтым и лауреат, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Крупнов Евгений** къызэралъхуэр илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щэрдан Iэбу** къызэралъхуэр илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Урысей зэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Варум Анжеликэ** (и цIэ дыдэр Мариещ) и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшар техьэ-текIыну щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 – 22-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Джэрмэншык дэт щэнхабзэ унэр зэрагъэпэщыж

КЪБР-м и Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм илъэс щэ ныкъуэм щIигъу ятIэкIэ дащIыхьауэ щыта щэнхабзэ унэр зэгъэпэщыжым щIадзащ. Иужь зэманым ар зэхуэщIауэ екIуэкIащ зэрахуэмыгъэплъымкIэ, электрокъарур зрикIуэ кIапсэхэри зэрызэкIелъымыкIуэм къыхэкIыу.

ИДЖЫПСТУ ухуакIуэхэм инженер сетхэр зэхъуэкIын щIадзащ. Апхуэдэу унащхьэр, бжэ-щхьэгъубжэхэр яхъуэжьнуц, пэш кIуэцIхэр зэрахьэнущ.

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ ирагъэжьа лэжьыгъэхэр мы илъэсым кьрубыдзу яухын хуейщ.

КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэ IэнатIэм проектыщIэхэр къыщыхалъхьэ

● Егъэджэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр Езауэ Анзоррэ Сбербанкым и вице-унафэщI Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI Бейтыгъуэн Залинэрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ блэкIа илъэсым кьрикIуахэр къыщапщытэж, дызэрыт 2021 гъэми зэдащIэнухэм ехьэлIа зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ.

«ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ щыпсэухэм щIэныгъэфI егъэгъуэтыныр дэркIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ пщэрылъщ. ДиIэ Iэмалхэм зэпымыууэ зэгъэужьныр, егъэджэныгъэм и гъунапкъэхэм зегъэубгъуныр, а Iэнатlэм проектыщIэхэр къыхэлъхьэныр ящащ къыхьэжьэ. ЗэрытщIэщи, иджыпей дунейм къыщрахьэжьэ сыт хуэдэ проектри бжыгъэрылъанэ жыпхъэм (цифровой формат) иралъхьэ. Ди проектхэр а жыпхъэхэм итлъхьэныр, егъэджэныгъэм къыщыдгъэсэбэныныр дэри игъэуу къэтлъытащ. ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьын, щIэхэр щыхэгъэхъуэн, абыхэм ялъэIэсыгъуафIэ хъун папщIэ, мы дызытепсэлъыхьыр Iэмалыншэ хьу Iэхущ. Проектхэр бжыгъэрылъанэ жыпхъэм илъхьэныр и лъэныкъуэкIэ Сбербанкым къытхуигъэув хэкIыпIэхэр куздкIэ щIэщыгъуэщ икIи гъэщIагъэнщ. Псом япэрауэ, абыхэм еджапIэ нэхъыщхьэхэм махуэрыеджэр щытхъумэну, студентхэмрэ еджакIуэхэмрэ ябгъэдэлъ зэфIэкIыр кьридгъэнэхуэну, егъэджакIуэхэм я зэфIэкIыр здынэсыр кьритхутэну, XXI лIэщIыгъуэм щIэныгъэм къыщыхьу зэхъуэкIыныгъэхэр еджэныгъэм хэтпщэну Iэмал кьыдат, - жиIащ министрыр кьыщыпсалъэм. - Абы кьыдэкIуэу гулъытэшхуэ зыхуэтщIхэм ящыщщ финанс Iуэхуэм ятещIыхьа щIэныгъэм хэгъэхуэныр. Дызытет дунейм апхуэдэ щIэныгъэ уимыIэныр къыщемызэгъыжу хъуащи, цIыхухэм яIэпхъэ еэсныгъэхэр бжыгъэрылъанэм идгъэзэгъа проектхэм кьыдитыныр дыщогугъ».

Курыт щIэныгъэ щIагъэгъуэту ди щIыналъэм ит Iуэхущ1апIэ 85-р «СберКласс» зыфIаща платформэм зэрытехьэрэ зыбжанэ щIащ. Еджапlэ унафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, дызэса еджакIэм къит Iэмал псори а жыпхъэхэм кьапкърыпхыфыну щымытми, есэныгъэ «щабзэр» кьыуитын лъэкIынущ - мурадхэр бгъэувэрэ ахэр зэрызэфIэпх хъуну щыIэкIэм ущигъэгъуэзэнущ, Iуэхум къыпщищI къалэнхэм я куупIэр кьэбгъэту уищIынущ, гуп лэжьыгъэм ухуигъэсэнущ.

Бейтыгъуэн Залинэ къызэрыхигъэщамкIэ, дунейр зэщIэзыщта пандемием и ягъэр сыт хуэдизу мыинми, ящIэфыну щытахэр сыт хуэдизу имыгъэмэщIами, блэкIа 2020 гъэм «СберКампус» жыхуиIэ бжыгъэрылъанэ жыпхъэм ит сабий зыужьынIэр кьызэрагъэпэщу яутIыпщын ялъэкIащ. Махуэ 14-м и кIуэцIкIэ сабийхэм Iэмал иIащ езыхэм яфIэгъэщIагъуэн проектхэр кьыхалъхьэу пхагъэкIыну, гуп пашэу кьыщыуву я псалъэр гулъытэу щагъэувыну, зызыужь икIи щыIэныкъуэкъу клубхэм зыщагъэльэгъуну. «Зэрыкъэралу ткIэпщтэмэ, проект 18-р нэхъыфI дыдэу кьалъытащ, абы щыщыи тIур ди щIыналъэм икIащ», - жиIащ Бейтыгъуэным гушхуэу.

«ЩIэныгъэ зэгъэзгъэутыныр цIыхум Iэмалыншэу зыхуигъэувыж кьалэнщ. Ди проектхэр хуэунэтIащ а гуращэр зэгъэхуэлIэным. Ауэ дэ зи гугъу тщIыр дерс щхьэхуэхэмкIэ еджакIуэм иIэн хуей есэныгъэм я закъуэкъым, Iэмалыншэу кьоув ныбжьыщIэр гъащIэм кьишэнкIэ хъуну лъэпощхьэпохэм щыгъэгъуэзэнри, хьэл-щэн дахэ хэлъхьэнри, фIэщхъуныгъэрэ теубыдагъэ пыуыкIарэ яхэпщэнри. Абы и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, Сбербанкыр жыджэру егъэджэныгъэм хохьэ, проектыщIэхэр а Iэнатlэм къыщыхелъхьэ. Псалъэм папщIэ, дэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ «Бжыгъэрылъанэ есэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ» жыхуэтIэ проектыщIэм, мы гъэм щагъэжьауи абы ешащIауэ дытелэжьэнущ. Проектым ипкъ иткIэ, ди лэжьакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ зэIущIэнущ, щIэныгъэкIэ зэдзэгъэшэнущ, еджапIэхэр къэзыух студентхэм яхуэзэнущ, лжьапIэ Iэнатlэу зрагъэгъуэтыну зыхуэйхэмрэ щIалъэр зыхуэныкъуэхэмкIэ псалъэмакъэр ядедгъэкIуэкIынущ», - жиIащ Бейтыгъуэным.

«Псалъэм папщIэ, - пищащ Сбербанкым и унафэщIым, - Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щеджэжэм щIагъуэ къэмынэу Сбербанкым и картэр яIэщ. Абыхэм ящыщу процент 98-м езы а картэр кърахьэкIыркъым, атIэ телефоным ит «СберБанк Онлайн» программэмкIэщ ахъшэр зэрызэрагъакIуэри зэрызэрагъэкIуэкIри. Мыбы зы лъэбакъуэ хуэдэу уеплъмэ, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа кампус проектыр хуэунэтIащ а Iуэхутхьэбзэхэр пыуыкIауэ зы Iуэхущ1апIэм унейуэ къыщыззэгъэпэщыным - а зы картэмкIэ езы еджапIэми псэупIэми урищIыхьэж хъуэу, библиотекэм уззрыщIыхьэ щыхьэт тхылъми и пIэ иувэу, дерсым зэрыщIыхьа бжыгъэр къызэралъытэ Iэмали хъуэу. Жыпlэнурамэ, проектыр хуэгъэзащ еджакIуэхэми егъэджакIуэхэми шынагъуэншэ дуней къахуэзгъэпэщыным. Мыр дунейр зыхуэкIуа щытыкIэм Iэмалыншэу уигъэдз етIуанэ лъэбакъуэшхуэ къэплъытэ хъуну къыщIэкIынщ».

ШУРДЫМ Динэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бжьыхьэпэ уэфIрэ пщы IупэфIэгъурэ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Лъэпкъ Іуэху

Адыгэхэр: блэкІар, нобэр, къэкІуэнур

Ди газетым зэрытетащи, накъыгъэм и 18-м КъБКъУ-м щызэхэтащ «Адыгэхэр: блэкІар, нобэр, къэкІуэнур» фІэщыгъэм щІэт дунейпсо щІэныгъэ-практикэ гъэнэфагъэ. Адыгэхэм я щыгъуэ-щІэж махуэм ирихьэлІэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэрегъэпэща я Іэхъу щхьэпэм хэтащ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Ставрополь, Краснодар щІыналъэхэм, Мэздэгу къикІа лІыкІуэхэр. Онлайн мардэм итУ Тыркум, Сирием, Иорданием, Европэм щыІэ адыгэ хасэхэри къеблэгъащ.

ЗЭІУЩІЭМ къришэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэкей Артём**, КъБР-м Гражданин жылагъуэ Іэхъущ Іаплъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІэхъуэхмкІэ и министр **КІуращын Анзор**, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр пІаплъэкІэ зыгъэзащІэ **Алътуд Юрий**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэс институтым и унафэщІ **Тхьэгъэпсэу Рэмэзан**, Адыгэ хабзэгъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэІу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэІущІэ къыщыхэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэкей Артём**, КъБР-м Гражданин жылагъуэ Іэхъущ Іаплъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІэхъуэхмкІэ и министр **КІуращын Анзор**, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр пІаплъэкІэ зыгъэзащІэ **Алътуд Юрий**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэрэшей - Шэрджэс институтым и унафэщІ **Тхьэгъэпсэу Рэмэзан**, Адыгэ хабзэгъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэІу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэІущІэ къыщыхэлІащ блэкІар зыщыдмыгъэгъупщэу, къэкІуэнум дытелажьэу дыпсэун зэрыхуейр.

- Кавказ зауэр зэриухрэ мы гъэм ильэси 157-рэ ирокъу. «БлэкІар зымыщІэжым къэкІуэну иІэкъым», - жаІэ адыгэхэм. Кавказ зауэм лъы куэд щагъэжащ, ар адыгэ лъэпкъым и тхыдэм хэт лъэхъэнэ нэхъ хьэлъэхэм, гущІыхьэхэм ящыщщ. А гуэвэгъуэшхуэм келауэ, я щхьэ яхьумжьыфауэ ІакъуэкІ 8-нэ къыщІохъуэ иджыкІэ. УзэпльэкІыж зэпытУ упсэу мыхъунуми, блэкІар тщІэжра, апхуэдэ дяпкІэ къызэрыдмыгъэхъужыным дытелажьэу дыпсэупхъэщ. Ди бзэ, хабзэ, гъэсэныгъэ, тхыдэ зыщыдгъэгъупщэнкІэ Іэмал иІэкъым. Уи гуапэ мыхъуу къанэрхъым, дуней псом щызэбгрыпхъа хьуа адыгэхэр зыхэс къэралхэм пщІэ ин къызэрыщыхуащІыр, абыхэм я цІэр фІыкІэ къэралуэу яхуэфащэ зыпхынІэ зэрафыдыджыфар.

Мы зэманым дунейр щыткІэ гугъум итщ, гуэвэвгъэшхуэм хэт къэралхэр щыІэщ. Ди тхыдэм хэтэ гуІэгъуэр тщІэжра, апхуэдэ нэщхъеягъуэм адрей лъэпкъхэр зэрыщІэтхъуэмным дыхущІэкъун, кхыхуедджэн хуейщ. Дэ фІыуэ къыдгуроІуэ, лъэпкъым илъэгъуэ гуэвэгъуэр тегъэщІапІэ ящІу дызыгъэжкъуэну хуейхэри зэрыщыІэр, апхуэдэхэм задэмыгъэшэхыну фыкъыхъуэзэджэ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, лъэпкъым зыгуэр хуэпщІэн е абы и цІэкІэ утыку уихьэн папщІэ, акъыл гъэтІысакІэ мызэмыІтУ уегупсысын хуейщ. КъэкІуэну щІэблэм, лъэпкъым и пщэдейм и жэуаплыныгъэ ин дзтхэнэми зэрытхыр зыщыбмыгъэгъупщэну сыныволъэІу, - захуигъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэм къызэхуэсахэм.

КІуэкІуэ Казбек и цІкІэ конференцым кърихьэлІахэм фІэхъуэ псалъэкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ Къуэкей Артём.

- Лъэпкым и тхыдэм, щэнхабзэм зегъэужьыныгкІэ, абы хэт зэІуМыбзэр наІуэ къэщІыныжмкІэ мы зэІущІэр щхьэпэну сыщогугъ. НобэкІэ адыгэхэм зыкъагъэльэгъуэну, езым я увыпІэ къагъуэтыжыну, зэрезаужьын хэкІыпІэхэм лъыхъуэну Іэмалыфі ягъуэтащ. Кавказ зауэм адыгэхэм къытхуихьа гуэвэгъуэ иныр, хэщІныгъэм и Іэужьыр зылъагъуэхэм фІыуэ къыдгуроІуэ, лъэпкъым илъэгъуэ гуэвэгъуэр тегъэщІапІэ ящІу дызыгъэжкъуэну хуейхэри зэрыщыІэр, апхуэдэхэм задэмыгъэшэхыну фыкъыхъуэзэджэ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, лъэпкъым зыгуэр хуэпщІэн е абы и цІэкІэ утыку уихьэн папщІэ, акъыл гъэтІысакІэ мызэмыІтУ уегупсысын хуейщ. Щхь

Хъуаскlэр къызыпих щlэныгъэлl

● Фэеплъ

Адыгэ тхыдэмтх цlэрыкlуэ Гугу Рашад Хъусен и къуэр

Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэм, щэнхабзэм, тхыдэм теухауэ Псыхуабэ щекlуэкlыгъа зы щlэныгъэ зэхуэсу гуэрым и утыкум адыгэ пыlэ къекlушхуэр щхьэрыгъыу зылl къыщихьэм, щlэс щlалэгъуалэм зыми дигу къэкlакъым ар лъэпкъкlэ урыскэм къахэкlауи, и гъащlэр Шэшэным щрихьэкlауи. Лы лъагъугъуафlэр тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, Шэшэн къэрал университетым и профессор Крикунов Владимирт. Псалъэмакъ купщlафlэу иригъэкlуэкlам псори дыдихьэхыу дедэlауц, ауэ ар гуимыхуж зыщlа псалъэ дыгъэл зыбжанэ къыхигъэхуащи, къэсlуэтэжмэ сфlэигъуэт.

«ЗЫМ и дежкlи щэхукъым, абы гурыщхъэ гуэрэм къыщыдыхэкlын щыlэкъым, - жиlащ хэкъуэдыгъэ профессорым, - зы лъэхъэнэфlкlэ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыlэкъым. Ауэ щыгъуэм, зы щlалэгъуалэм зыми дигу къэкlакъым ар лъэпкъкlэ урыскэм къахэкlауи, и гъащlэр Шэшэным щрихьэкlауи. Лы лъагъугъуафlэр тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, Шэшэн къэрал университетым и профессор Крикунов Владимирт. Псалъэмакъ купщlафlэу иригъэкlуэкlам псори дыдихьэхыу дедэlауц, ауэ ар гуимыхуж зыщlа псалъэ дыгъэл зыбжанэ къыхигъэхуащи, къэсlуэтэжмэ сфlэигъуэт.**

«ЗЫМ и дежкlи щэхукъым, абы гурыщхъэ гуэрэм къыщыдыхэкlын щыlэкъым, - жиlащ хэкъуэдыгъэ профессорым, - зы лъэхъэнэфlкlэ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыlэкъым. Ауэ щыгъуэм, щlалэгъуалэм зыми дигу къэкlакъым ар лъэпкъкlэ урыскэм къахэкlауи, и гъащlэр Шэшэным щрихьэкlауи. Лы лъагъугъуафlэр тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, Шэшэн къэрал университетым и профессор Крикунов Владимирт. Псалъэмакъ купщlафlэу иригъэкlуэкlам псори дыдихьэхыу дедэlауц, ауэ ар гуимыхуж зыщlа псалъэ дыгъэл зыбжанэ къыхигъэхуащи, къэсlуэтэжмэ сфlэигъуэт.**

«ЗЫМ и дежкlи щэхукъым, абы гурыщхъэ гуэрэм къыщыдыхэкlын щыlэкъым, - жиlащ хэкъуэдыгъэ профессорым, - зы лъэхъэнэфlкlэ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыlэкъым. Ауэ щыгъуэм, щlалэгъуалэм зыми дигу къэкlакъым ар лъэпкъкlэ урыскэм къахэкlауи, и гъащlэр Шэшэным щрихьэкlауи. Лы лъагъугъуафlэр тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, Шэшэн къэрал университетым и профессор Крикунов Владимирт. Псалъэмакъ купщlафlэу иригъэкlуэкlам псори дыдихьэхыу дедэlауц, ауэ ар гуимыхуж зыщlа псалъэ дыгъэл зыбжанэ къыхигъэхуащи, къэсlуэтэжмэ сфlэигъуэт.**

«Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыlэкъым. Ауэ щыгъуэм, щlалэгъуалэм зыми дигу къэкlакъым ар лъэпкъкlэ урыскэм къахэкlауи, и гъащlэр Шэшэным щрихьэкlауи. Лы лъагъугъуафlэр тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, Шэшэн къэрал университетым и профессор Крикунов Владимирт. Псалъэмакъ купщlафlэу иригъэкlуэкlам псори дыдихьэхыу дедэlауц, ауэ ар гуимыхуж зыщlа псалъэ дыгъэл зыбжанэ къыхигъэхуащи, къэсlуэтэжмэ сфlэигъуэт.**

«ЗЫМ и дежкlи щэхукъым, абы гурыщхъэ гуэрэм къыщыдыхэкlын щыlэкъым, - жиlащ хэкъуэдыгъэ профессорым, - зы лъэхъэнэфlкlэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Зэманхэм я зэпыщІэныгъэмрэ щІыналъэхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ

Модельер, дэрбзэр Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щагъэлъагъуэ УФ-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ, АР-м и къэрал саугъэтым и лауреат, Художествэхэмкіэ Урысей Академием и дыщэ медалыр зыхуагъэфэща Іэпщіэлъапщіэ, график, офортхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа, художественнэ тхыгъэхэр зи сурэтхэмкІэ ягъэщІэращІэ, монументалист, цІыху телъыджэ Пэтіуащіэ Феликс и лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр.

АРТ-ЦЕНТРЫМ и къатитІым щагъэлъагъуэ Пэтіуащіэ Феликс блэкІа лІэщІыгъуэм и Іэдакъэ къыщІэкІа и графикэ, офорт, литографие лэжьыгъэхэмрэ сурэт хьэлэмэтхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу Пэтіуащіэм и творчествэм дихьэххэм зэхуахьэсауэ яхьу-мэхэрщ утыку кърахьаэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, лэжьыгъищэм щІигъу зиІэ художникым и сурэтхэр Москва, Санкт-Петербург, Мейкьуапэ, Налшык, Черкесск, Краснодар, Владикавказ, Алма-Ата къалэхэм, Тыркум, Иорданием, Чехием, Словакием, Болгариеми зэрыщыхъумэрэ Адыгэдэу абы и лэжьыгъэхэр Урыс музейхэм, Эрмитажым, Третьяковым и галереем, урыс, нэгъуэщІ къэрал музейхэм я фондхэм хэлъщ икІи цІыху щхьэхуэхэм яхъумэ.

Сэралъп Мадинэ выставкэр къыщыдзэІуихым къыхигъэщащ ди щІыналъэм фІыуэ къыщацІыху, зи сурэтхэр куэдым ягу дыхьэ художникым и лэжьыгъэхэр ди республикэм щигъэлъагъуэ махуэмрэ ар къыщалъхуа махуэмрэ зэрызэтехуар.

КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** и псалъэм къыхигъэщхьэхуэкІащ Пэтіуащіэ Феликс Мейкьуапэ графикэмрэ офортымкІэ и школ цІрыІуэм и лъабжьэр зэрригъэтІылъар, Адыгэ Республикэм и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм офорт станок зэрыщигъэувар, графикэм Іэпщіэлапщіэ куэд зэрыдригъэхьэхар.

- Офорт Іэмалыр и лэжьыгъэхэм къызэрыщыгъэсэбэпыфым, абы и щхэу, лІэужьыгъуэ псори зэрищІэм папщІэ Феликс сехьуапсэрт, - жиІащ Бгъэжьнокъуэм. - Нобэ дызэплъну Іэмал диІэр Пэтіуащіэ и творчествэм и зы Іыхьэ цІыкІуми, абы и зэфІэкІыр, и гупсысэр, и дуней лъагъуКІэр Кавказ Ищхьэрэм и сурэтыщІхэм я щапхъэщ. А цІыху телъыджэм Кавказ Ищхьэрэм и республикэ псоми цІыхугъэ, ныбжьэгъу щигъунэжщ.

Пэтіуащіэ Феликс 1948 гъэм накъыгъэм и 5-м Мейкьуапэ къыщалъхуащ. Феликс и адэшхуэмрэ абы и адэжьымрэ Іэщэ зыщІ Іэщіагъэлт. И адэр журналист цІэрыІуэт, и анэр дэрбзэр Іэзэт. Сурэт щІыным ар пасэу дихьэхащ икІи гъуэзджэм щиІэ зэфІэкІым гу лъызыта и анэм и фІыгъэкІэ щІэтІысхьащ Суриков В. и цІэр зэзыхьэ Художественнэ институтым и Художественнэ школымрэ Москва и Художественно-промышленнэ институт нэхъыщхьэмрэ. Студентым и лэжьыгъэхэм я фІагъым гу лъатащ егъэджакІуэхэми гъуэзджэм хэзыщІыкІэми. Институтым и етхуанэ курсым щыщІэсым Лондон Джек и тхыгъэхэр зэригъэдэхар къехьулІауэ къалъытащ икІи Москва сурэтыщІ щІалэгъуалэм папщІэ къыщызэрагъэпэща выставкэм хагъэхащ.

Еджапіэ нэужьым художникым Мейкьуапэ игъэзэжри, щІыналъэм и щэнхабзэм куууэ хэлэжьыхьащ. 1979 гъэм ар УФ-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм Адыгейм щиІэ къудамэм и япэ унафэщІ хъуащ. Абы и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Москва щыпсэу сурэтыщІ куэдым я лэжьыгъэхэр Мейкьуапэ щагъэлъагъуащ. Апхуэдэщ Меджидовэ Сиярэ, Аккизов Екъуб, Бжэлымыкъ Хьид, Пащты Герман сымэ я выставкэхэр.

Пэтіуащіэ Феликс и сурэтхэм увыпІэфІ щаІыгъщ тхыдэ-зытетІа лъэс зекІуапІэхэр а щІыпІэм къызэрезгъэным хуэдэу асфальткІэ щІэуэ зэхъуэкІын, теннис щыджэгу ут къызэІухауэ, ар асфальт-бетонкІэ къигъэжьКІын, жэщ уэздгьгъэ 125-рэ, пхъэнкІий идзапІэу 48-рэ, тетІысхьапІэу 50 гъэувын.

Куэд зэрыщыгъуазэщи, лъэс зекІуапІэхэр зэман ипэкІэ къызэрыращыкІа пливтк зэман ипэкІэ къызэрыращыкІа пливтк пІащІэхэр щІыпІэ зыбжанэм къыщилъэлъыжащ, гъэзугбгъум пэгъунэгъу псейжм я лъабжьэ ин хъуахэр къаззереныкъуэкъум къыхэкІыу. Абы хуиту цІыхухэр зэригъаКІуэртэкъым. Псори зэхэту зыхуэй хуагъэзэнущ метр зэбгъуэзнатІэ минитхум щІигъор, теннис утри метр зэбгъуэзнатІэу 180-рэ мэкъу. Хадэм и щІыпІэ щхьэхэуу минихым нэблагъэр плиткэ дахэхэмкІэ къращІыкІынущ.

ЦІыху куэдым зыщагъэпсэху «Дэшхуей хадэр» сыт и лъэныкъуэкІи зэІуэпэщ щІыныкІэ лэжьыгъэхэр егупъуу кърахьалІэ Налшык кьалэ администрацэм Гъэзгу хозяйствэмкІэ и департаментым и нэІэм щІэту.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

Псынэдахэр уэру къоукъубий

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2021 гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм лъэщу зыщричащ Псынэдахэ и «Родник»-м. ЗэрыщІидзам тетмэ, нэгъабэ зыІэригъэхьа дыжьын медалхэм ар ефІэкІыжынущ.

УЭРУ къэукъубия тенджызым хуэдэщ иджыпсту Псынэдахэ и топджэгу кощандзр. Зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ зэІущІэм абы и стадионым щыхигъэщІащ сыт щыгъуи лъэрызехьэ Псыгуэнсу къикІахэр, я гъуэм жэуапнышэу топитху дигъэкІри. Мис иджы аргуэру бжыгъэшхуэ дыдэкІэ - 9:2-уэ - текІуащ Старэ Шэрэдж щыщхэм. Апхуэдэурэ екІуэкІмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри зы командэ лъэщ къыщыунэхунущ, сыт хуэдэ зэпеуэми бжьыпэм щыщІэбэну.

Псынэдахэдэсхэм яхуэдэу текІуэнмыгъэ инхэр зыІэримыгъэхьэми, и тепщэнгъэр иутІыпщкрыхьм нэгъабэ республикэм и чемпион хъуа Прохладнэ и «Энергетик»-м. Иужь зэІущІэм гугъу иригъэхьами, ар «ХьэтІохъущыкъуеймі» ефІэкІыфащ. Абы япэ увыпІэр «Родник»-мрэ «Ислъэмеймрэ» ядегуэш, топ дагъэкІахэмрэ къыхудагъэкІахэмрэ зэрызэхущытымкІэ фІэкІа къапимыкІуэту. А командищращ зэкІэ джэгугъуитІым очко хырых къыщІэзыхьыфар. Абыхэм ялъэщІыхьэжьафынущ зы зэІущІэ фІэкІа езымыгъэкІуэкІа «Тэрчыр», игъэІэпэхьуа джэгугъуэм «Малка»-р щыхигъащІэмэ.

Зы хэхъуи зэкІэ зимыІэр Аруан щІыналъэм щыщ «Нартымрэ» «Шэрэджымрэщ», «Малка»-р ядэщІыгъуу. Абы щыгъуэми нарткъалэдэсхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм ерыщу япэщІэтщ икІи фІахьа зэІущІитІми кьаэзрыщытекІуар 2:3-уэщ. «Малка»-ми тыншу зит хуэдэкъым. Старэ Шэрэдж къуажэм и командэм бжьгъэшхуэхэр зэхуехьэс: япэщІыкІэ - 0:3, иджы - 2:9. АдэкІэ-щэ?

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикІуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: **«Урыху»** (Урыху) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **1:2**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **9:2**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **1:1**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:2**, **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **2:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **2:1**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **2:3**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Малка»** (Малкэ) - **2:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр, зэрахабзэу, дызыуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Родник»	2	2	0	0	14-2	6
2. «Ислъэмей»	2	2	0	0	7-3	6
3. «Энергетик»	2	2	0	0	5-1	6
4. «Кэнжэ»	2	1	1	0	4-1	4
5. «Урыху»	2	1	0	1	6-4	3
6. «Тэрч»	1	1	0	0	3-0	3
7. «ХьэтІохъущыкъуей»	2	1	0	1	4-3	3
8. «Эльбрус»	2	1	0	1	3-5	3
9. «Шэрджэс»	2	1	0	1	4-6	3
10. «Шэджэм-2»	2	1	0	1	3-5	3
11. «ЛогоВАЗ»	2	0	0	1	4-7	1
12. «Псыгуэнсу»	2	0	1	1	2-7	1
13. «Спартак-Д»	2	0	1	1	2-4	1
14. «Малка»	1	0	0	1	1-2	0
15. «Нарт»	2	0	0	2	4-6	0
16. «Шэрэдж»	2	0	0	2	2-12	0

«Дэшхуей хадэм» йогугъу

Налшык и «Дэшхуей хадэр» иджырей мардэхэм тету зэІуэпэщ щІыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр гъэмахуэм дытехьэху екІуэкІынущ.

«КЪАЛЭ КІУЭЦІХЭМ я теплъэр егъэфІекІуэн» къэрал программэм ипкъ иту кърахьэлІа Іуэхуэр зыгъэныкъуитхукІэ гуэщащ: плиткэ зытетІа лъэс зекІуапІэхэр а щІыпІэм къызэрезгъэным хуэдэу асфальткІэ щІэуэ зэхъуэкІын, теннис щыджэгу ут къызэІухауэ, ар асфальт-бетонкІэ къигъэжьКІын, жэщ уэздгьгъэ 125-рэ, пхъэнкІий идзапІэу 48-рэ, тетІысхьапІэу 50 гъэувын.

Куэд зэрыщыгъуазэщи, лъэс зекІуапІэхэр зэман ипэкІэ къызэрыращыкІа пливтк пІащІэхэр щІыпІэ зыбжанэм къыщилъэлъыжащ, гъэзугбгъум пэгъунэгъу псейжм я лъабжьэ ин хъуахэр къаззереныкъуэкъум къыхэкІыу. Абы хуиту цІыхухэр зэригъаКІуэртэкъым. Псори зэхэту зыхуэй хуагъэзэнущ метр зэбгъуэзнатІэ минитхум щІигъор, теннис утри метр зэбгъуэзнатІэу 180-рэ мэкъу. Хадэм и щІыпІэ щхьэхэуу минихым нэблагъэр плиткэ дахэхэмкІэ къращІыкІынущ.

ЦІыху куэдым зыщагъэпсэху «Дэшхуей хадэр» сыт и лъэныкъуэкІи зэІуэпэщ щІыныкІэ лэжьыгъэхэр егупъуу кърахьалІэ Налшык кьалэ администрацэм Гъэзгу хозяйствэмкІэ и департаментым и нэІэм щІэту.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэхъун къуажэм и музей

● ЩІэ

Аруан районым хьихьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №2-м къыщызэІуахащ жылэм и тхыдэм теухуа музей. Абы щалъхьа хьэпшыпхэр илъэс куэд хъуауэ зэхуехьэс КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, школым тхыдэмкІэ щагъэлъагъэжь Шыбзыхъуэ Хъамсинэ а еджапІэм къыщызэригъэпэщауэ лажьэ «Лъыхъуакіуэ» ныбжьыщІэ гупым.

И ГЪЭСЭНХЭР щыгъуу Хъамсинэ зэхуихьэсащ музейм щІалъхьэну хьэпшыпхэмрэ дэфтэрэхэмрэ. ПІэщІыгъуэ блэкІам къагъэсэбэпу щыта унэльащІэхэр, мэкъумэшым зэрелажь Іэмэпсымэхэр, лъэпкъым и шыфэлІыфэр зыгъэлъагъуэ хьэпшыпхэр - 1000-м нос ахэр. Музейм экспонат куэд иритащ а къуажэм щыщ альпинист цІэрыІуэ, Кавказ Ищхьэрэм и лъаганІэ псоми нэса, Іуащхьэмахуэ и щыгум мызэ-мытІэу дэкІа Шыбзыхъуэ Къаазбэч. Ар куэд щІауэ дехьэх Хэку зауэшхуэм и зэманым щыІа хьэпшыпхэр зэхуэхьэсыным.

Къэхъун музейр къыщызэІуахым хьэщІэ куэд къарегъэблагъащ. Школакіуэхэм усэхэр, узэрадэхэр жаІащ, къэфащ.

Музейр къызэІуихым зи гуащІэ хэзыльхьахэм фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м и Парламентым и депутат, КПРФ-м Аруан районым щІэ къудамэм и япэ секретарь Къардэн Мурадин. Абы «ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ ирокъу» медалыр яритащ къуажэм и администрацэм и унафэщІ Къандэхъу Леонидрэ школым и унафэщІ Иуан Роззрэ.

ГЪУЭТ Синэ.

● Банк Іуэхухэр

Іуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэм хохьуэ

2021 гъэм и япэ мазиплІым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цІыху 630-м щигъум къащтащ Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» и кредитхэр. Апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэм процент 35-кІэ хэхъуащ. Псори зэхэту щхьэзакъуэ кредит портфелыр къапщтэмэ, потребительскэ кредитым абы щыщу процент 38,6-рэ къыльос.

РЕСПУБЛИКЭМ ис цІыхухэм я деж нэхъ щІэупщІэ щьэзиІэхэм ящыщу «Пенсионный», «Потребительский кредит без обеспечения» Іэхутхьэбзэзхэр. 2021 гъэм зэрыщІидзэрэ банкым и къудамэм итащ кредити 140-рэ, псори зэхэту сом мелуани 186-м щІигъу хъуэу.

Кредит тынымкІэ нэхъ жьыджэрхэм хабжэ «Мэкъумэшбанкым» КъБР-м щиІэ къудамэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэлажьэ и офис нэхъыщхьэмрэ Тэрч, Шэджэм, Бахьсэн кьалэхэм дэтхэмрэ. Зи гугъу тщІахэм щата кредитхэр псоми я процент 37-рэ мэхъу.

«Банкым и къудамэм и щхьэзакъуэ бизнесым зыужьыныгъэшхуэ игъуэт зэпытщ. Республикэм щыпсэухэм я дежкІэ нэхъ щІэупщІэ зиІэр потребительскэ кредитхэрщ. Абы и щхьэусыгъуэр ар адрейхэм зэрефІэкІырщ, щхьэщэтыкІ процентхэри хэту», - къыхигъэщащ «Мэкъумэшбанкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

КЪЭХЪУН Бэч.

● ФІыщІэ

Псалъэ гуапэщи...

Куэд щІакъым УФ-м щІыхь зиІэ, КъБР-м и щІыхьэ артистхэ Жьакіэмыхъу КІунэ и юбилейр илъэс куэд щхьэузыхь зыхуищІа Іуэхущіапіэм, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, зэрыщагъэлъапІэрэ. ЦІыху куэд къекІуэлащ абы, псалъэ гуапэ Іэджи хужаІащ.

- ПШЫХЬЫМ кърихьэлІа псоми фІыщІэшхуэ яхуэсщІыну сыхуейт, фи газетыр къэзгъэсэбэпу, - жеІэ редакцэм къэпсэльъауэ КІунэ. - Уи фІэщ мыхъун хуэдизщ абы сэ сызэрагъэлъэпІар, си щхьэр лъагэу зэрызагъэлъагъуэжар, сызэрагъэгушхуар. Гупсыгъэ къыхуэзэщІа псоми сахуохъуауэ гухэхъуэ куэд яльагъуну, насыпыр я Іэпэгъуу псэуну, гъащІэм гу щахуэну, сэ сызэраІэтам хуэдэу я щІыхьэ лъагэу дунейм тетыну. Щхьэхуэу фІыщІэ хузощІ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, сызэрагъэлъэпІам, ДАХ-м и медалыр къызэрысхуигъэфэщам папщІэ.

Лъэпкъым хуэлажьэу къэгъуэгурыкІуэ бзылъхугъэ щыпкъэм гулъытэу къыхуащІар и щІэныгъэкІэ, и Іушыгъэкіэ, и Іэзагъкіэ кьилэжьащ. Дэ абы иджыри дохъуэхъу гуапагъэ щымыщІэу псэуну!

ИСТЭПАН Залинэ.

● Гъэзетэ

Зэманхэм я зэпыщІэныгъэмрэ щІыналъэхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ

Модельер, дэрбзэр Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щагъэлъагъуэ УФ-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ, АР-м и къэрал саугъэтым и лауреат, Художествэхэмкіэ Урысей Академием и дыщэ медалыр зыхуагъэфэща Іэпщіэлапщіэ, график, офортхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа, художественнэ тхыгъэхэр зи сурэтхэмкІэ ягъэщІэращІэ, монументалист, цІыху телъыджэ Пэтіуащіэ Феликс и лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр.

АРТ-ЦЕНТРЫМ и къатитІым щагъэлъагъуэ Пэтіуащіэ Феликс блэкІа лІэщІыгъуэм и Іэдакъэ къыщІэкІа и графикэ, офорт, литографие лэжьыгъэхэмрэ сурэт хьэлэмэтхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу Пэтіуащіэм и творчествэм дихьэххэм зэхуахьэсауэ яхьумэхэрщ утыку кърахьаэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, лэжьыгъищэм щІигъу зиІэ художникым и сурэтхэр Москва, Санкт-Петербург, Мейкьуапэ, Налшык, Черкесск, Краснодар, Владикавказ, Алма-Ата къалэхэм, Тыркум, Иорданием, Чехием, Словакием, Болгариеми зэрыщыхъумэрэ Адыгэдэу абы и лэжьыгъэхэр Урыс музейм, Эрмитажым, Третьяковым и галереем, урыс, нэгъуэщІ къэрал музейхэм я фондхэм хэлъщ икІи цІыху щхьэхуэхэм яхъумэ.

Сэралъп Мадинэ выставкэр къыщыдзэІуихым къыхигъэщащ ди щІыналъэм фІыуэ къыщацІыху, зи сурэтхэр куэдым ягу дыхьэ художникым и лэжьыгъэхэр ди республикэм щигъэлъагъуэ махуэмрэ ар къыщалъхуа махуэмрэ зэрызэтехуар.

КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** и псалъэм къыхигъэщхьэхуэкІащ Пэтіуащіэ Феликс Мейкьуапэ графикэмрэ офортымкІэ и школ цІрыІуэм и лъабжьэр зэрригъэтІылъар, Адыгэ Республикэм и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм офорт станок зэрыщигъэувар, графикэм Іэпщіэлапщіэ куэд зэрыдригъэхьэхар.

- Офорт Іэмалыр и лэжьыгъэхэм къызэрыщыгъэсэбэпыфым, абы и щхэу, лІэужьыгъуэ псори зэрищІэм папщІэ Феликс сехьуапсэрт, - жиІащ Бгъэжьнокъуэм. - Нобэ дызэплъну Іэмал диІэр Пэтіуащіэ и творчествэм и зы Іыхьэ цІыкІуми, абы и зэфІэкІыр, и гупсысэр, и дуней лъагъуКІэр Кавказ Ищхьэрэм и сурэтыщІхэм я щапхъэщ. А цІыху телъыджэм Кавказ Ищхьэрэм и республикэ псоми цІыхугъэ, ныбжьэгъу щигъунэжщ.

Пэтіуащіэ Феликс 1948 гъэм накъыгъэм и 5-м Мейкьуапэ къыщалъхуащ. Феликс и адэшхуэмрэ абы и адэжьымрэ Іэщэ зыщІ Іэщіагъэлт. И адэр журналист цІэрыІуэт, и анэр дэрбзэр Іэзэт.

«Уафэрыху»

● Адыгэ псалъэзэблэдэ

Екіуэкіыу: **1.** ЩІым льаГэу къыхьуа къащхьуэ. **2.** Вагъэзыжьыкі нэгъуэщІу зэреджэ. **3.** Съамахуэ уэшх къыщешхкІэ пшэхэм къыхэІуКІ Іэуэльауэ ин. **4.** Хьэлывэм ирагъэщхь вагъуэ зэрыбын, Вагъэзэшиблым и ипщэ лъэныкъуэм къыщыщІкІ (Северная корона). **5.** Вагъэзэшхуэм ещхьу Іупщі дыдэу плъагъу планетэ (Венера). **7.** Волопас жьхуаІэ созвездиемэ адыгэбзэкІэ зэреджэр. **8.** КъуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ къыщыблэ вагъуэ зэрыбын, гъавэм хэпльэмэ, къэкІыгъэр баГъуэу хужаІэу (Созвездие Тельца). **9.** Дамэкъуэм ирагъэщхь вагъуэ гуп (Созвездие Малый Пес). **10.** Щлы хъурейр зыгъэхуабэ, зыГъэнэку вагъуэ. **11.** Гъуэщагъуэ, абрэджу къэзыкІуХ вагъуэ гуп (Блуждающие звезды). **12.** Уэзш нэужьым уэрдыхъу ныкъуэу, фэ зэмылІэужьыгъуэу уафэм кьыщыхъу нур. **13.** Марс, Юпитер, Сатурн жьхуаІэ планетэхэм адыгэхэр зэреджэр. **14.** Жэщ уафэм кІэм ещхьу кІыхьу къыхэщІ нэхутэ (Комет). **15.** Созвездие Чаши жьхуаІэм адыгэхэр зэреджэр. **16.** Тхьэ куэд зиІэ дин, адыгэхэми зэрахьэу щытатуэ. **17.** Дыгъэм и нуркІэ блэ планетэ. **18.** Уэгум и ищхьэрэ лъэныкъуэм щыпІ льаГэу вагъуэ гуп щхьэхуэ (Созвездие Андромеды). **19.** МафІэ бзий псыгъуэ къыдидзу уэшхьшхуэм деж уэгум щыхъуэпскІ нур. **20.** Щэлъахъэм хуэдэу плъагъу вагъуэ гуп (Созвездие Стрелы). **21.** Жыгыжь лъэдийм дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэмкІэ къыщыкІэрыкІэ удз. **22.** Жэщым уафэгум льагъуэм хуэдэу щыплъагъу вагъуэбэ (Млечный Путь). **23.** Щыгъэм ирагъэщхь вагъуэ гуп, ипщэ лъэныкъуэмкІэ къыщыкъэкІыу (Южная Корона). **24.** Уафэм лъэужь къыщыгъанэу ижа вагъуэ. **25.** Вагъуэзэшиблым и ищхьэрэ лъэныкъуэм къыщыщІэкІ вагъуэшхуэ (Полярная Звезда). **26.** ЗанщІэу зэкІэлъэкІуэу гъэмахуэ жэщ ныкъуэм деж къуэкІыпІэмкІэ щыблэ вагъуищ (Созвездие Жирафа). **27.** Нартыху хьэжьгъэм къыхэщыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **28.** Рак жьхуаІэ вагъуэбэм адыгэбзэкІэ узэреджэнур. **29.** Хэщъхэжьигъуэ зэрыхъуар къозыгъащІэ вагъуэ цІуугъэнэхэр (Сириус, Арктурэ, Капеллэ, Альфэ).

Къехьу: **1.** Щыблэ щыуэкІэ пшэхэм къыхэлыдыкІ нэхугъэ. **6.** Ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ уафэм щыблэ, зи бжыгъэр блы хъу вагъуэ гуп (Большая Медведица). **10.** Нэхуэвагъуэра и гугъэу сондэджэрыр (журтыр) хьэм езыгъэшха вагъуэ.

Зыгъэхьэзырар

ПСЭУН Жыраслъэнщ.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Алсэн, Нэщ Іэныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмышщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэм зыгъэныкъуэ 1 и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущіапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яхтащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредакцэ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу кьалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Сонэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэзбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1927 ● Заказ №1104